

# Komite konsiltatif manm (MAC) MassHealth

## Avi sou opòtinite

Se yon plezi pou MassHealth anonse fòmasyon yon nouvo komite konsiltatif manm (MAC) MassHealth. MAC vle pou l'yon espas sekirize e enklizif kote manm MAC ka pale avèk anplwaye MassHealth e avèk youn lòt pou pataje lide e eksperyans yo.

MAC ap konseye MassHealth sou sijè ki konsène devlopman politik e mizanplas pwogram ki pou amelyore kalite e aksè nan swen pou manm MassHealth yo.

MassHealth ap chèche apeprè 15 moun ki pou patisipe nan MAC la. Sa gen landan moun ki manm nan MassHealth alèkile epi anvan, epitou gadò e swenyè familyal manm MassHealth. Gwosè MAC la gendwa chanje dapre diskresyon MassHealth. MassHealth vle chwazi yon gwoup manm MAC ki reprezante divèsite ki nan kominate MassHealth sèvi a.

**Si w vle resevwa yon kopi dokiman sila oubyen lòt dokiman ki founi enfòmasyon oubyen aplikasyon pou MAC swa pa lapòs oswa pa imèl, kontakte tanpri kowòdinatè apwovizyonman an, Shukri Osman, nan [shukri.osman@mass.gov](mailto:shukri.osman@mass.gov) oubyen nan (781) 531-4363. Ou gendwa mande tou yon akomodman rezonab, tèlke resevwa dokiman nan lòt fòma altènatif. Dokiman enfòmasyon sou MAC e aplikasyon disponib tou an espanyòl, kreyòl ayisyen, pòtigè, chinwa senplifye, e vyetnamyen.**

### Sa ki make la

Istorik .....	2
Pwochen wèbinè enfòmasyon MAC .....	2
Rezon MAC .....	2
Objektif MAC .....	3
Afilyasyon nan MAC .....	3
Angajman tan ki prevwa pou manm MAC .....	3
Dire sèvis manm MAC yo .....	4
Patisipe nan reyinyon MAC .....	4
Soutyen pou manm MAC .....	4
Alokasyon e rekonesans manm MAC .....	4
Pwosesis seleksyon .....	5
Kritè pou evalyasyon .....	5
Ransèyman siplemantè sou adezyon nan MAC .....	6
Opòtinite pou voye kesyon .....	6
Avi sou pwoteksyon vi prive e dokiman publik .....	6
Deklarasyon sou ekite .....	6
Enstriksyon pou soumet aplikasyon pou MAC .....	7

## Istorik

MassHealth founi kouvèti swen medikal konplè e abòdab pou plis pase de milyon moun nan Massachusetts ki gen ti revni oubyen revni mwayen. Sa gen ladan 40% nan tout timoun nan Massachusetts e 60% nan tout rezidan ki gen andikap. Misyon MassHealth se pou amelyore rezulta sou sante manm divès nou yo ansanm ak fanmi yo. Nou fè sa nan founi aksè nan sèvis swen medikal entegre ki favorize egalego sante, byennèt, endepandans e kalite lavi. Angajman manm yo se yon eleman kle nan reyalizasyon objektif MassHealth yo.

MassHealth angaje pou l travay avèk manm MassHealth yo pou pi byen konprann eksperyans pa yo nan pwogram MassHealth, debat kont inegalite e elimine dekalay nan sante e nan swen sante.

MassHealth ap kòmanse MAC pou ofri yon espas pou manm MassHealth alèkile yo epitou ansyen manm, gadò e swenyè familyal pataje priyrite, lide, e eksperyans pou amelyore kalite e aksè nan swen pou manm MassHealth yo. Anplis, MAC ap satisfè egzijans MassHealth pou gen yon komite konsiltatif pou benefisyè (Beneficiary Advisory Committee, BAC) an vèti 42 CFR 435.412.

Pou plis enfòmasyon sou devlopman MAC, monte tanpri nan sit entènèt MAC la : [Komite konsiltatif manm \(MAC\) MassHealth | Mass.gov](https://www.mass.gov/info-details/masshealth-member-advisory-committee-mac) (<https://www.mass.gov/info-details/masshealth-member-advisory-committee-mac>).

## Pwochen wèbinè enfòmasyon MAC

MassHealth gen lentansyon òganize yon wèbinè enfòmasyon sou opòtinite aplikasyon pou MAC. Wèbinè a ap fèt a 11:00 AM le 5 septanm 2024 e gendwa konsilte nan klike lyen elektwonik sila :

<https://umassmed.zoom.us/j/95588013297?pwd=US02edDqVB2S7jjH4oBaoHlrpyhXRp.1>. Si w bezwen akomodman ki rezonab, tèlke entèprèt lang (sa gen ladan langaj siy Etazini Damerik (American Sign Language, ASL)), tradiksyon dokiman, tradiksyon nan tan reyèl aksè nan komunikasyon (Communication Access Real-Time Translation, CART), oubyen lòt kalite èd, koontakte tanpri kowòdinatè apwovizyonman an, Shukri Osman, swa nan [shukri.osman@mass.gov](mailto:shukri.osman@mass.gov) oswa nan (781) 531-4363 anvan 5:00 p.m. le 22 out 2024.

## Rezon MAC

Objektif MAC se pou konseye MassHealth sou sijè ki konsène devlopman politik e mizanplas pwogram ki pou amelyore kalite swen e aksè manm MassHealth nan swen yo.

Manm MAC yo ap travay avèk MassHealth pou devlope lòd di jou MAC e chwazi sijè pou aprann, debat, e travay sou yo nan komite a.

## **Objektif MAC**

MassHealth espere angaje avèk manm MAC yo pou :

- konprann eksperyans pa yo a nan pwogram MassHealth la
- aprann plis sou priyorite yo, e
- travay ansanm nan devlopman e mizannèv pwogram e politik ki, anfenkont, amelyore kalite e aksè nan swen.

Manm MAC yo e MassHealth ap devlope ansanm lòt objektif pou MAC.

## **Afilyasyon nan MAC**

MassHealth ap chèche apeprè 15 moun ki pou patisipe nan MAC. Gwosè MAC gendwa chanje dapre diskresyon MassHealth.

Pou sa admisib pou sèvi nan MAC, se pou moun lan :

- manm kounyela nan MassHealth, oubyen
- te manm nan MassHealth nan senk dènye lane yo, oubyen
- se gadò oubyen swenyè familyal yon manm nan MassHealth.

Objektif MassHealth se pou chwazi yon gwoup manm MAC ki, ansanm, kadre ak divèsite nan kominote kote MassHealth ofri sèvis. Sa gen ladan moun ki cadre ak, divèsite diferan laj ; idantite kiltirèl, lengistik, kominotè, ras, etnisite, sante, andikap, oryantasyon seksyèl, e jann ; eksperyans ; kominote jewografrik ; sitiyasyon nan lojman ; etablisman swen (sa gen ladan etablisman (tèlke etablisman swen enfimye / enfimyè), domisil oubyen milye kominotè) ; e patisipasyon nan pwogram MassHealth.

Pou fè aplikasyon, moun ki admisib dwe ranpli aplikasyon MAC la e suiv pwosedi jan sa make annapre a.

**KONNEN TANPRI** : Anplwaye MassHealth pa admisib pou manm nan MAC.

## **Angajman tan ki prevwa pou manm MAC**

MAC si poze reyini apeprè sis fwa chak lane, ki vle di chak 2 mwa. Manm MAC yo gen pou yo patisipe nan tout reyinyon yo jan sa posib.

Pifò reyinyon MAC yo dwe pran apeprè dezèdtan. Kèk reyinyon gendwa egzije tan preparasyon siplemantè ant reyinyon yo.

Yon fwa chwa a fèt, MassHealth ap travay avèk manm MAC yo pou detèmine dat e lè egzak reyinyon yo. Manm MAC yo ap resevwa kalandriye MAC la alavans.

Anplis, manm MAC ap sèvi nan oubyen ap preznan reyinyon Komite konsiltatif sou swen medikal MassHealth (MassHealth Medical Care Advisory Committee, MCAC). Objektif MCAC se pou konseye Biwo egzekitif pou sante e sèvis imen (Executive Office of Health , and Human Services) sou enkyetid ki gen rapò ak devlopman politik, sou kesyon ki konsène administrasyon efikas pwogram Medicaid la. W ap jwenn plis enfòmasyon sou MCAC nan : [Komite konsiltatif sou swen medikal \(Medical Care Advisory Committee, MCAC\) prezante rapo li yo bay asanble lejislatif la | Mass.gov](#). (<https://www.mass.gov/lists/medical-care-advisory-committee-mcac-reports-to-the-legislature>).

## Dire sèvis manm MAC yo

Manm MAC yo dwe sèvi nan MAC pou yon peryòd 2 lane (sa rele tou yon “manda”).

Manm yo pa ka gen plis pase yon manda konsekitif (ki vle di yon manda youn apre lòt. Manm yo gendwa ka sèvi lòt manda pi devan depi l pa konsekitif.

## Patisipe nan reyinyon MAC

Manm yo gendwa envite patisipe an pèsòn nan kèk reyinyon. Manm ap toujou gen chwa pou yo patisipe nan telefòn oubyen sou òdinatè (tèlke nan Zoom). Manm MAC yo ka deside kijan yo pito patisipe nan reyinyon yo.

Pou reyinyon fasafas, frè deplasman yo ap gen yon ranbousman \$0.67 pou chak mileyaj (mizajou fèt chak lane), plis ranbousman frè peyaj e estasyònman. Si demann lan fèt, opsyon pou deplasman prepeye ap trete.

## Soutyen pou manm MAC

Manm MAC yo ap ka mande pou akomodman rezonab e aksè nan aktivite edikatif apwopriye ki fè li posib pou yo patisipe. Egzanp gendwa se entèpretasyon lang (sa gen ladan langaj siy Etazini Damerik (American Sign Language, ASL)), aktivite edikatif fakiltatif ki apwopriye, tradiksyon dokiman, soutitraj, tradiksyon nan tan reyèl aksè nan komunikasyon (Communication Access Real-Time Translation, CART), oubyen èd pou itilize teknoloji oubyen entènèt. Tout manm MAC ki chwazi ap envite pou yo pataje bezwen yo nan kesyon akomodman osito li posib pou yo ka adresé yo.

## Alokasyon e rekonesans manm MAC

MassHealth apresye ekspètiz manm MAC yo pote nan wòl konseye a, osibyen angajman nan peryòd tan ki prevwa a. Alokasyon e ranbousman pou frè deplasman ap disponib pou moun ki fè aplikasyon ki seleksyon kòm manm MAC.

Alokasyon yo ap \$50 pou chak reyinyon. Manm yo gendwa resevwa \$25 anplis pou travay preparasyon anvan reyinyon yo lè sa valab, sa gen ladan prepare e revwa dokiman reyinyon yo, patisipe nan aktivite edikatif e oryantasyon MAC, e travay sou aktivite pou fè plan, lè sa valab.

**KONNENTANPRI :** resevwa alokasyon sa a gendwa aji sou admisiblite w pou resevwa benefis publik. Alokasyon yo ap konsidere kòm revni kote taks dwe peye e alokasyon sa a ap konte kòm revni pou objektif admisiblite nan MassHealth. Ou ka sonnen MassHealth an dirèk pou wè si revni sa a ap aji sou admisiblite w nan MassHealth.

Apasa, manm MAC yo gendwa chwazi pou yo pa resevwa yon alokasyon oubyen gendwa mande pou diminye montan alokasyon an.

Manm MAC ki chwazi e ki fini manda 2 lane pa yo a avèk siksè ap resevwa tou yon sètifica apresyasyon pou rekonèt sèvis yo founi bay Commonwealth la.

## Pwosesis seleksyon

MassHealth ap konvoke yon komite evalyasyon pou evalye aplikasyon MAC yo baze sou kritè evalyasyon ki site annapre la. Komite devalyasyon an ap rekòmande manm MAC bay sekretè adjwen pou MassHealth, oubyen bay reprezantan li a, pou fè seleksyon final la a.

## Kritè pou evalyasyon

Objektif MassHealth se pou chwazi yon manm MAC ki, ansanm, cadre ak divèsite nan kominote MassHealth ofri sèvis. Sa gen ladan moun ki reprezante popilasyon divès nan diferan laj ; idantite kiltirèl, lengistik, kominotè, ras, etnisite, sante, andikap, oryantasyon seksyèl, e jann ; eksperyans ; kominote jewografrik ; sitiyasyon nan lojman ; etablisman swen (sa gen ladan etablisman (pa egzanp : etablisman swen enfimye / enfimyè), domisil oubyen milye kominotè) ; e patisipasyon nan pwogram MassHealth.

Yon fwa l soumèt, aplikasyon yo ap evalye sou :

- pwen fò, klate, konvnans, e konpreyansyon repons moun k ap fè aplikasyon an ;
- nan ki mezi eksperyans e enterè moun k ap fè aplikasyon an soutni objektif MAC yo ;
- nan ki mezi aplikasyon an montre yon konpreyansyon nan objektif MAC la ; e
- kalifikasyon moun k ap fè aplikasyon an. Sa gen ladan deklarasyon moun k ap fè aplikasyon an sou enterè, pwen fò, kapasite pou angaje nan tan ki nesesè pou pare pou epi pou patisipe nan reyinyon yo.

EOHHS gendwa konsidere divèsite endividyle lè tou pou chwazi yon MAC ki gen manm ki gen diferan eksperyans avèk MassHealth, e gendwa bay preferans pou manm ki pa patisipe alèkile nan lòt gwoup konsilitatif MassHealth jere.

EOHHS gen dwa pou l kontakte moun k ap fè aplikasyon diran pwoesisis evalyasyon an pou mande eklèsisman alekri oubyen aloral sou soumisyon yo.

## Ransèyman siplemantè sou adezyon nan MAC

MassHealth gendwa mande pou manm MAC yo demisyone nan pòs yo si yo pa ka satisfè obligasyon pa yo oubyen si yo pa obeyi direktiv reyinyon manm MAC yo gendwa devlope. Sa gen ladan patisipasyon iregilye nan reyinyon oubyen yon konfli denterè reyèl oubyen ki pèsevwa.

Si MassHealth pa ka idantifye moun kalifye ki pou sèvi kòm manm nan MAC, li gendwa relouvre apwovizyonman an pou ranpli egzijans sa yo. An vèti 801 CMR 21.06(6), EOHHS gen tout dwa, nenpòt lè e san okenn penalite, pou l chanje oubyen klarifye avi sila, oubyen chanje egzijans, anplè, bidjè oubyen kalandriye yo. An vèti 801 CMR 21.06(7), MassHealth gen tout dwa, nenpòt lè e san okenn penalite, pou l anile avi sila e rejte tout aplikasyon.

## Opòtinite pou voye kesyon

Si w vle poze kesyon sou enfòmasyon ki nan dokiman sa yo, ou ka voye yon imèl oubyen voye yo pa lapòs bay kowòdinatè apwovizyonman, Shukri Osman, nan shukri.osman@mass.gov. (Wè adrès lapòs la anba a.) Se pou w voye kesyon ou vle poze yo anvan 5:00 p.m. le 6 septanm 2024.

Kesyon ki resevwa apre dat limit la gendwa pa reponn. MassHealth ap revwa kesyon ki resevwa anvan dat limit la e l ap pare repons alekri pou kesyon MassHealth detèmine gen yon enterè jeneral. Tout repons alekri ap afiche nan COMMBUYS e nan sit entènèt MAC la. Sèl repons alekri ap obligatwa pou EOHHS.

## Avi sou pwoteksyon vi prive e dokiman publik

**Repons yo pwoteje.** [Avi sou konfidansyalite](#) MassHealth dekri kòman nou ka itilize e divilge enfòmasyon w. W ap jwenn avi sou konfidansyalite a lè w monte nan <https://www.mass.gov/lists/hipaa-forms-for-masshealth-members#masshealth---notice-of-privacy-practices->. Aplikasyon MAC sa a gendwa divilge bay publik la jan lalwa egzije sa. Si aplikasyon w lan mande nan kad yon demann dokiman publik, n ap wete non w e tout enfòmasyon nou kwè ka itilize pou idantifye kiyès ou ye. Tanpri, wè MAC FAQ a pou w jwenn plis enfòmasyon sou depersonalizasyon.

**Aplikasyon w lan pa p aji sou benefis ou yo.** Ou pa gen pou w ranpli aplikasyon sa a pou w resevwa benefis MassHealth. Desizyon ou pran pou soumet oubyen pa soumet aplikasyon sila pa gen okenn efè sou benefis, admisiblite, oubyen sèvis MassHealth ou yo.

## Deklarasyon sou ekite

EOHHS pa diskrimine sou kesyon ras, reliyon, koulè po, sèks, idantite jann oubyen ekspresyon jann, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, peyi natifnatal, estati ansyen konbatan, oubyen nenpòt lot baz lalwa apwopriye kouvri. Rechèch sijere fanm e moun nwa, endijèn, e moun koulè (BIPOC) ki kalifye gendwa

yomenm rann tèt yo pa kalifye si yo pa reponn egzijans yo a 100%. EOHHS ankouraje tout moun ki enterese fè aplikasyon an.

## Enstriksyon pou soumèt aplikasyon pou MAC

Aplikasyon MAC yo dwe remèt opita **5:00 p.m. le 27 septanm 2024**. Si n resevwa aplikasyon w lan apre 5:00 p.m. le 27 septanm 2024, aplikasyon w lan pa p trete. Tanpri, se pou w byen planifie sa.

Ou gendwa soumèt aplikasyon sa a pa imèl oubyen pa lapòs.

### **POU SOUMÈT PA LAPÒS, voye l bay :**

Shukri Osman, Procurement Coordinator  
Office of the General Counsel  
Executive Office of Health and Human Services  
One Ashburton Place, 11<sup>th</sup> Floor  
Boston, MA 02108

**POU SOUMÈT PA IMÈL (konnen tanpri, imèl gendwa pa sekirize), voye aplikasyon ou ranpli a bay kowòdinatè apwovizyonman an, Shukri Osman, nan [shukri.osman@mass.gov](mailto:shukri.osman@mass.gov).**

Si w bezwen èd pou jwenn, ranpli, oubyen soumèt aplikasyon w lan, kontakte tanpri kowòdinatè apwovizyonman an, Shukri Osman, nan [shukri.osman@mass.gov](mailto:shukri.osman@mass.gov) oubyen nan (781) 531-4363. Ou gendwa mande tou akomodman rezonab, tèlke resevwa dokiman nan lòt fòma altènatif. Dokiman enfòmasyon sou MAC e aplikasyon disponib tou an espanyòl, kreyòl ayisyen, pòtigè, chinwa senplifye, e vietnamyen.